



Kominote sètifye RI Klinik Sante Konpòtmantal



Yon CCBHC se yon kalite klinik pou pasyan ekstèn ke Eta Rhode Island la sètifye pou l ofri plis sèvis sante konpòtmantal. CCBHC yo sèvi nenpòt moun ki antre nan pòt la, kèlkeswa laj, dyagnostik, oswa estati asirans yo. Nan yon CCBHC, yon ekip pwofesyonèl sante ki resevwa fòmasyon kapab:

- bay sipò sante mantal ak ou menm oswa yon pwòch ou,
- ede oumenm oswa yon pwòch ou fè fas ak yon kondisyon abi sibstans, epi/oswa
- bay sipò pou kriz 24/7.

Ki sa ki repons mobil pou kriz 24/7?

Pafwa moun ki gen difikilte ak sante mantal oswa abi sibstans genyen yon ijans. Lè sa rive, li ka parèt difisil oswa enposib pou jwenn èd.

Ou ka rele 988 pou w konekte ak ekip mobil repons pou kriz CCBHC 24/7 pou èd ak yon ijans sante konpòtmantal. Kit w ap mande èd pou tèt ou oswa pou yon pwòch ou, ekip mobil CCBHC yo resevwa fòmasyon pou:

- evalye moun ki nan sitiyaasyon ijans lan,
- de-entansifye oswa kalme sitiyaasyon kriz, epi
- konekte moun ak sèvis ki nesèsè yo.

Pou yon ijans sante, tankou gwo doulè nan pwatrin, pwoblèm pou respire, kriz, oswa yon blesi nan tèt, rele 911 oswa ale nan sal ijans la touswit. Ou ta dwe rele 911 tou si oumenm oswa yon moun ou ap pran swen an danje imedyata oswa menase pou fè tèt yo mal.



Enterese aprann plis?

Rele 988 oswa vizite yon CCBHC ki toupre w pou w benefisye de sèvis yo.

Kote sa yo se CCBHC nan Rhode Island:

- 📍 **Community Care Alliance**
(Woonsocket)
- 📍 **Family Service of Rhode Island**
(Providence)
- 📍 **Gateway Healthcare**
(Pawtucket, Johnston, ak South County)
- 📍 **Newport Mental Health**
(Newport)
- 📍 **The Providence Center**
(Providence)
- 📍 **Thrive Behavioral Health**
(Warwick)



Kijan pou mwen pran yon randevou?

Tanpri vizite sitwèb yon CCBHC ki toupre w la pou pran yon randevou oswa pou w aprann enfòmasyon sou sèvis yo.

Ou ka rele 988 tou pou aprann plis sou sèvis yo oswa repons mobil nan ka kriz.